

LEKÒL PIBLIK LYNN

Bilding Andinistratif James Leo McGuinness– 100 Bennett Street, Lynn, MA 01905
Tel. (781) 477-7220 ~ Fax. (781) 477-7312



FÒM DEMANN POU AFEKTASYON (PARAN/GADIAN YO POU RANPLI)


Non elèv la: _____ Nimewo ID elèv la: _____
Non paran/gadyen k ap soumèt demann: _____
Nimewo telefòn paran/gadyen: _____ Imel: _____
Lekòl aktyèl la: _____ Dat deplasman: _____
Nouvo distri lekòl la: _____
Nouvo adrès: _____

Enfòmasyon adisyonèl (tanpri sèke tout sa ki aplikab yo):

Plasman akselere aktyèl la	Sanzabri	Swen adoptif	San akonpayman
Pwogram bileng	Plasman disiplinè aktyèl la	Desegregasyon volontè aktyèl la	

Kalite deplasman (tanpri tcheke **YON SÈL**):

- Nan Lynn - Elèv lekòl segondè - Nenpòt ki lè nan ane a (**OKENN DEMANN PA NESESÈ.**)
- Nan Lynn - Deplase nan menm distri lekòl entèmedyè/elementè - Nenpòt ki lè nan ane a (**OKENN DEMANN PA NESESÈ.**)
- Nan Lynn - Deplase nan diferan distri lekòl entèmedyè /elementè - Pandan ane lekòl la
↳ Ka chwazi transfere imedyatman oswa ka chwazi pou konplete ane aktyèl la nan lekòl aktyèl la. Dwe transfere nan nouvo distri lekòl ane pwochèn. Ka fè demann kote Sirentandan pou mande pou rete nan lekòl aktyèl la apre ane aktyèl la. Tanpri ranpli pwochen paj la pou fè demann.
- Nan Lynn - Deplase nan diferan distri lekòl entèmedyè /elementè - Pandan ete
↳ Dwe transfere imedyatman nan nouvo distri lekòl la. Ka fè demann kote Sirentandan pou mande pou rete nan lekòl aktyèl la apre ane aktyèl la. Tanpri ranpli pwochen paj la pou fè demann.
- Nan Massachusetts men andeyò Lynn (nenpòt klas) - Avril, Me, Jen pandan lekòl la nan sesyon
↳ Ka chwazi transfere imedyatman oswa ka chwazi pou konplete ane aktyèl la sèlman nan lekòl aktyèl la. Dwe transfere nan nouvo distri lekòl ane pwochèn. (**OKENN DEMANN PA OTORIZE.**)
- Nan Massachusetts men andeyò Lynn (nenpòt klas) - Tout lòt mwa
↳ Dwe transfere imedyatman nan nouvo distri lekòl. Ka fè demann kote Sirentandan pou mande pou rete nan lekòl aktyèl la pou ane aktyèl la sèlman. Tanpri ranpli pwochen paj la pou fè demann.

- Andeyò Massachusetts (nenpòt klas) - Nenpòt lè nan ane a
 Dwe transfere imedyatman nan nouvo distri lekòl. **(OKENN DEMANN PA OTORIZE.)**

Sirentandan an (oswa deziyen an) ka konsidere bagay sa yo:

- Pi bon enterè elèv la, lekòl aktyèl la, e (si nan Lynn) nouvo lekòl nan katye a;
- Nivo klas elèv la;
- Kapasite elèv la pou kenbe yon bon prezans, tankou rive lekòl alè;
- Konpòtman elèv la (si pa gen rapò ak kritè/enfimite Edikasyon Espesyal);
- Kontribisyon Direktè lekòl aktyèl la e (si nan Lynn) nouvo lekòl katye a;
- Gwosè klas yo nan lekòl aktyèl la e (si nan Lynn) nouvo lekòl katye a;
- Rekonesans paran/gadyen an ke se responsablite eksklizif paran/gadyen an pou asire ke nouvo gran vil/vil rezidans lan pèmèt kontinye prezans nan lekòl aktyèl la nan Lynn (si sa aplikab);
- Nenpòt lòt faktè pètinan ki pa diskriminatwa.

Si Sirentandan an (oswa moun li deziyen an) akòde demann sa a, Sirentandan an (oswa moun li deziyen an) kapab revoke pèmisyon sa a pita, sou nenpòt ki baz rezonab, nenpòt ki lè.

Pou elèv ki kontinye ale lekòl andeyò nouvo katye yo a, yo PAP bay transpò, sof si elèv la kalifye sou baz kritè edikasyon espesyal/enfimite.

Anplis sa, pou elèv ki kontinye ale lekòl andeyò nouvo katye yo, prezans yo dwe rete regilye e ponktyèl.

Paran/gadyen an ta dwe eksplike rezon ki fè yo ta dwe akòde demann la anba a:

Siyati paran/gadyen: _____ Dat\': _____

DESIZYON SIPERENTANDAN OSWA MOUN KI DEZIYEN AN

Demann Akòde

Demann refize

Non Sirentandan oswa Moun ki deziyen an an lèt detache: _____

Siyati: _____ Dat desizyon an: _____

**Referans Règleman: Règleman # JCA - Afektasyon Elèv nan Lekòl yo
Komite Lekòl Lynn te adopte nan dat 13 oktòb 2022
Dat fòm na te kreye a: 17 novanm 2022**